



Avantaj pou Salè Ou Pèdi



Anplwaye ki manke travay akòz yon chòk oswa yon maladi nan travay la ka resevwa peman pou salè yo pèdi. Yo rele sa yon **avantaj dedomajman**.

AVANTAJ DEDOMAJMAN

Si w pran yon chòk nan travay, di patwon ou sa, alekri, nan 30 jou. Epitou ou fêt pou depoze yon **Reklamasyon Anplwaye (Fòm C-3)** opre Konsèy Konpansasyon Travayè Eta New York (Konsèy) la. W ap jwenn fòm yo sou sitwèb Konsèy la (wcb.ny.gov).

Si w te pèdi wit (8) a 14 jou travay, ou ka resevwa salè ou pèdi pou jou sa yo. Si ou pèdi plis pase 14 jou travay, ou ka jwenn salè ou pèdi depi premye jou ou pa t al travay la. Sinon, ou p ap resevwa peman pou premye sèt (7) jou ou pa te travay yo.

Avantaj pou salè ou te pèdi a baze sou **mwayèn salè chak semèn (average weekly wage, AWW)** ou pou 52 semèn avan dat chòk oswa maladi a, ak degré andikap ou a. AWW ou baze sou salè brit ou, ki gen ladan lè siplémente ak lòt konpansasyon. Li pa baze sou lajan ou pote lakay ou apre tout dediksyon yo. Degre andikap ou a se yon pouasantaj ki baze sou gravite andikap ou an. Pou kalkile avantaj ou sipoze resevwa, Konsèy la itilize de-tyè (2/3) nan AWW ou epi li modifie li selon degré gravite andikap ou a.

2/3 nan AWW ou miltipliye pa % andikap ou a = avantaj w ap resevwa chak semèn

Egzanp 1: AWW ou te \$900 epi ou andikape nèt (100%). W ap resevwa de-tyè (2/3) \$900, ki se \$600 chak semèn. Ou andikape 100%, kidonk, ou resevwa tout avantaj la nèt.

Egzanp 2: AWW ou te \$900 epi ou andikape 50%. Avantaj ou se \$300. Pou kalkile li: $2/3 \times \$900 = \600 \$600 miltipliye pa 50% andikap ou a = \$300 avantaj

Kantite avantaj la se menm nan kit ou andikape pou yon ti tan epi ou pral refè, kit ou andikape nèt. Gen yon limit montan maksimòm pou salè ki pèdi (gade anba a), ki baze sou dat ou te pra chòk la oswa dat ou te vin malad la. Montan avantaj ou chak semèn pa chanje si avantaj maksimòm nan chanje.

Yo kalkile avantaj maksimòm nan chak 1ye jiyè. Li baze sou salè mwayen tout Eta a Depatman Travay Eta New York (NYS Department of Labor) fikse. Maksimòm konpansasyon travayè yo se de-tyè (2/3) salè mwawen pa semèn Eta New York. Pa egzamp:

| Dat Chòk/Maladi | Maksimòm Montan pa Semèn | Minimòm Montan pa Semèn |
|-----------------------------|--------------------------|-------------------------|
| 1ye jiyè 2017 - 30 jen 2018 | \$870.61 | \$150 |
| 1ye jiyè 2016 - 30 jen 2017 | \$864.32 | \$150 |
| 1ye jiyè 2015 - 30 jen 2016 | \$844.29 | \$150 |
| 1ye jiyè 2014 - 30 jen 2015 | \$808.65 | \$150 |

Pou montan ki te aplikab sa, al gade nan wcb.ny.gov

Peman pou konpansasyon travayè yo pa gen taks sou yo.

Remak: Si konpayi asirans lan konteste reklamasyon w lan, se jis lè Konsèy la regle kontestasyon an w ap touche. Ou ka aplike pou avantaj pou andikap jiskaske yo regle dosye a. Rele Konsèy la nan **(877) 632-4996** pou jwenn plis enfòmasyon.



KATEGORI ANDIKAP YO:

Andikap ou ka tonbe nan youn nan kategori sa yo, epi li baze selon prèv medikal. Remak: Yo konsidere tout chòk yo tanporè avan, menm si yo vin konsidere li pèmanan apre.

- **Andikap Total Tanporè:** Ou pa ka travay ak touche salè ou, pou yon ti tan. Ou gen dwa resevwa tout avantaj salè pèdi ki pèmèt la.
- **Andikap Pasyèl Tanporè:** Ou pa ka fè kèk nan travay ou ak touche tout salè ou pou yon ti tan. Avantaj ou egal a pouvantaj andikap ou a.
- **Andikap Pèmanan Total:** Ou pa ka travay ak touche yon salè ditou. Avantaj yo ap kontinye pou tout rès vi ou.
- **Avantaj Pasyèl Pèmanan, Pèt Non Pwogramme:** Ou pa ka fè yon pati nan travay ou. Ou ka resevwa jiska 10 zan avantaj salè ki pèdi. (Nan dat avantaj ou yo sipoze fini pandan 10 zan sa yo, ou ka kalifye pou resevwa avantaj pou tout rès vi ou si ou te pèdi plis pase 75% kapasite ou pou touche yon salè.) Swen medikal se yon avantaj pou tout rès vi ou, menm si andikap la pa afekte salè ou.
- **Avantaj Pasyèl Pèmanan, Pwogramme Pèt la:** Kategori sa a se pou moun ki pèdi yon manm nan kò yo - bra, men, ak dwèt; janm, pye ak zòtèy; ansanm ak moun ki vin avèg oswa soud yo tou. Lwa a endike kantite semèn avantaj ki koresponn pou pèt sa a, epi se Konsèy la ki deside li.
- **Moun ki Defigure:** Moun figi, tèt, oswa kou yo defigure yon fason pèmanan kapab resevwa jiska \$20,000 selon degré chòk la.

APRE YON DESIZYON: Yo sipoze peye ou yon prim nan 10 jou apre dat yo depoze desizyon an. Si peman an an reta, ka gen yon sanksyon 20% sou montan prim ki te an reta a pou yo peye ou, travayè a. Men, yo ka konteste reklamasyon yo nan 30 jou apre dat yo te prezante yo. Si kontestasyon an gen pou wè ak peman, w ap touche sèlman si oswa jiskaske komite Konsèy la di pou fè yon peman.

PANDAN PEMAN AVANTAJ REGILYE: Peman regilye pou konpansasyon dwe fèt nan 25 jou apre dat yo sipoze peye li a. Si sa pa fèt, gen yon sanksyon 20% ak posiblite pou gen yon lòt \$300 pou yo peye ou, travayè a.

POU REGLE REKLAMASYON OU A

Oumenm ansanm ak konpayi asirans lan ka dakò pou w touche yon sèl peman oswa yon anwite pou fèmen reklamasyon ou a. Sa a rele yon **Aranjman pou Peye yon Reklamasyon grasa yon Egzanpsyon Seksyon 32**. Li se yon egzanpsyon paske ou ap anile dwa ou pou jwenn konpansasyon pi devan pou w ka touche kounye a. Lè ou aksepte Egzanpsyon Seksyon 32 sa, se yon gwo desizyon. Se ou menm sèl ki ka deside kisa ki bon pou ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou wcb.ny.gov epi klike sou [ikòn YouTube](#) la ki anba paj la pou gade yon videyo ki bay enfòmasyon sou sa.

AVANTAJ POU SALÈ REDWI

Si ou ka retounen travay, men chòk ou a fè ou pa ka touche menm salè ou te konn touche avan chòk la, ou kapab gen dwa pou resevwa avantaj pou salè redwi ki pral peye jiska de-tèy (2/3) diferans ant salè ou te genyen avan chòk la ak salè ou touche apre chòk la.

AVANTAJ POU LANMÒ

Avantaj pou lanmò disponib pou fanmi travayè yo ki mouri akòz yon chòk oswa maladi ki gen rapò ak travay yo. Y ap peye yon avantaj pou lanmò si travayè a mouri touswit apre yon chòk oswa apre. Mari/madanm ak timoun travayè a pral pataje de-tèy (2/3) salè mwayer chak semèn anplwaye a, jiska montan maksimòm pou chak semèn nan. Timoun yo ap resevwa avantaj la jiskaske yo gen 18 tan, oswa jiskaske yo gen 23 zan si yo ale nan inivèsite aplen tan. Timoun ki avèg oswa ki gen andikap fizik ap resevwa avantaj la pou tout rès vi yo. Mari/Madanm nan resevwa avantaj la pou lavi oswa jiskaske li remarye. Si mari oswa madanm nan remarye, l ap resevwa yon peman final ki egal a dezan avantaj.

Si pa gen okenn mari oswa madanm oswa timoun ki minè, y ap peye pitit-pitit ki depandan, frè, sè, granparan, oswa paran yo avantaj la. Si pa gen okenn fanmi nan lis la ki egziste, y ap peye avantaj yo yon lòt fason. Paran sivivan an oswa patrimwàn travayè ki mouri a ka resevwa \$50,000. Yo ka peye depans pou fineray tou, jiska \$12,500 nan zòn Metropolitèn New York epi jiska \$10,500 nan tout lòt kote.

ASIRANS SEKIRITE SOSYAL POU ANDIKAP

Moun ki gen andikap pèmanan oswa yon andikap ki dire omwen 12 mwa ka kalifye pou avantaj Sekirite Sosyal pou Andikap. Kontakte yon Biwo Sekirite Sosyal pou jwenn plis enfòmasyon. Konsèy la pa jwe okenn wòl nan pwosesis Asirans Sekirite Sosyal pou Andikap la.

ASISTANS AK LANG

Konsèy la ap tradui dokiman yo nan nenpòt lang ou bezwen. Epitou tou li pral bay yon entèprèt pou odyans ou a, epi l ap toujou gratis. Tanpri rele **(877) 632-4996** pou fè aranjman pou tradiksyon oswa entèpretasyon.

Vizit: wcb.ny.gov

Rele: **(877) 632-4996**

Imèl: General_Information@wcb.ny.gov

Komisyón Konpansasyon Travayè Eta New York pwoteje dwa anplwaye yo ak patwon yo lè nou asire moun ki pran chòk oswa ki malad touche avantaj yo kòmsadwa, epitou lè nou ankouraje respè lalwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Komisyón Konpansasyon Travayè a, ale sou sitwèb wcb.ny.gov.

